



Pou Piblikasyon Imedya: 15/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO AP PREZANTE KALANDRIYE JISTIS 2019 LAN: MOMAN AN SE KOUNYE A

Nan 9èm Diskou Eta Leta a, Gouvènè a Pwopoze Kalandriye pou Asire Pwomès Jistis Reyèl Total pou Tout Moun

Gouvènè Cuomo: “Sou So nou an li an make Gwo Eta New York. Ou konnen poukisa New York gwo? Paske New York rejte divize epi konkeri, epi nou kwè nan inifye epi devlope. New York gwo paske nou kwè nan kominote ak mityalite, epi nou kwè ke pi gwo festen an gen pi plis kantite moun sou tab la. Nou gwo paske nou kwè ke mo ki gen sis lèt ki se mo ki pi fò a se toujou lanmou. Se pa layèn. New York renmen ou epi sa ki fè nou gwo se ke nou gen yon politik zewo tolerans pou layèn nan eta nou an. Sa se New York. Epi sa se kilès nou ye. Epi sa se mesaj nou voye bay nasyon sa a”.

Pandan ke Disfonksyonman ak Fèmti Gouvènman Federal la ap Kontinye, Gouvènè Cuomo Ap Pran Devan sou Tout Pwoblèm Majè yo Ki Ap Afekte Moun New York yo

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 An Ap Pwoteje Moun New York yo kont Atak Federal Devastatè Washington yo, Li Ap Ranfòse Klas Mwayèn nan, Pwoteje Anviwònman an, Fè Envestisman San Presedan nan Edikasyon, Mete sou Pye Tarif pou Anbouteyaj yo, Legalize Itilizasyon Kanabis pou Granmoun yo, Pwoteje Sante Kominote Nou yo epi Fè Pwogrese Enfrastrikti Nou yo

Liv Eta Leta 2019 la Disponib [La a](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te fè Diskou Eta Leta 2019 li an. Kalandriye Jistis 2019 (2019 Justice Agenda) Gouvènè a ap asire pwomès jistis reyèl total pou tout moun. Pandan ke disfonksyonman ak fèmti gouvènman federal la ap kontinye, Gouvènè a ap pran devan. Kalandriye Jistis lan ap pwoteje moun New York yo kont atak federal devastatè Washington yo, li ap ranfòse klas mwayèn nan, pwoteje anviwònman an, amelyore sante kominote nou yo epi investi nan enfrastrikti nou yo pou 21èm syèk lan. Pou nevyèm ane konsekitif, Bidjè a ekilibre epi li kenbe kwasans depans yo pi ba pase de pousan. An Desanm, fas a pi gwo kriz sosyal nasyon an, epi ak gouvènman federal la ki ap chèche kraze plizyè jenerasyon pwogrè, Gouvènè Cuomo te prezante kalandriye lejislatif li pou pèmèt Kò Lejislatif lan kòmanse poze aksyon sou pi gwo priyorite sa yo imedyatman apre konvokasyon yo. Nan Diskou Eta

Leta sa a, Gouvènè a te mande Kò Lejislatif lan pou yo rapidman epi imedyatman poze aksyon sou priorite sa yo pandan 100 premye jou sesyon yo.

“Fas a defi san presedan yo onivo nasyonal ak yon gouvènman federal ki sou yon poz total, New York pral bay rezilta ak kalandriye ki pi pwodiktif nan istwa nou epi ajoute sou kantite akonpliman rekò nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sa se yon Kalandriye Jistis reyèl ki ap asire ke lekòl ki gen plis nesosite yo ap resevwa yon pataj fon ki ekitab, fè vanse refòm jistis kriminel istorik yo, pwoteje swen sante nou yo, pwoteje dwa fanm yo genyen nan eta nou an kont gouvènman federal la, epi dirije nasyon an nan batay kont chanjman klimatik yo ak kontaminan yo ki nan anviwònman nou an ak dlo nou yo. Pandan ke konsèvatif ekstrèm nan Washington yo ap gouvène apati divizyon epi alimante disfonksyonman, Eta New York pral leve byen wo flanbo pwogrè a epi poze aksyon reyèl pou ka fè yon diferans reyèl nan lavi moun yo.”

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020:

- Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an se 175.2 milya dola sou yon baz Tout Fon yo.
- Fon Fonksyonman Leta yo se 102.0 milya dola, kwasans 1,9%.
- Depans pou Sante ak Edikasyon yo ogmante a 3.6%, Ajans Egzekitif yo a 0.8%.

JISTIS EKONOMIK

Kontinye ak Miz An Aplikasyon Rediksyon Enpo pou Klas Mwayèn lan: Bidjè a sipòte miz an aplikasyon rediksyon enpo klas mwayèn yo. Sou refòm sa yo, nivo yo pral kontinye bese rive 5.5 pousan ak 6 pousan lè yo fin mete rediksyon an plas konplètman - yon rediksyon jiska 20 pousan nan nivo enpo revni yo pou klas mwayèn lan - epi pwodwi yon 4.2 milya dola ke yo prevwa nan ekonomi anyèl yo pou sis milyon aplikan apati 2025. Pandan nouvo to yo ap antre an vigè, yo pral vin to taks pou klas mwayèn lan ki pi ba nan plis pase 70 ane.

Pwolonje Enpo Milyonè a: Pou pwoteje pwogrè ki te fèt nan ranfòse pwogresivite epi asire jistis fiskal pou klas mwayèn New York lan, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon ekstansyon pou senk an pou nivo enpo aktyèl sou milyonè yo. Sa pral prezève yon 4.4 milya dola anviwon chak ane ki otreman pa t'ap disponib pou fè investisman vital nan edikasyon ak enfrastrikti yo pou garanti pwosperite ekonomik fiti New York yo.

Fè Limit enpo Lokatif ki Gen Anpil Reyisit lan Vin Pèmanan: Gouvènè Cuomo te mete yon premye limit enpo lokatif pou premye fwa vin yon pati prensipal nan premye kanpay li pou Gouvènè a ak yon priorite nan premye ane administrasyon li an. Depi aplikasyon limit fiskal lan an 2012, kwasans lan te an mwayèn anviwon 2 pousan epi limit fiskal lan te pwodwi anviwon 25 milya dola nan ekonomi kontribiyab yo. Gouvènè a ap pwopoze pou New York prezève epi fè limit enpo lokatif lan vin pèmanan, jan ke li te defann li nan pase.

Fèmèn Echapatwa Enterè yo Pòte a: Akoz yon echapatwa flagran nan lwa federal, kèk nan moun ki pi rich nan peyi a, ki gen ladan direktè fon pwoteksyon yo ak envestisè ekite prive yo, ap peye nivo enpo ki pi piti sou revni yo pase anpil fanmi klas mwayèn yo. Echapatwa “enterè pasif” sa a ap abouti an yon depans konsiderab pou moun New York klas mwayèn yo, ak Eta a ki pèdi anviwon 100 milyon dola chak ane. Pou asire ke Ameriken ki pi rich yo ap pati ekitab pa yo, Gouvènè Cuomo pral franchi yon pa revolisyonè pou fèmèn echapatwa enterè pasif la dapre Lwa Eta New York lan epi elimine yon fason efikas avantaj echapatwa sa a yo dapre kòd fiskal federal la.

Batay pou Dediktibilite Total Enpo Lokal ak Eta yo (State and Local Taxes, SALT): Gouvènè Cuomo te konbat dokiman lwa fiskal federal la pandan tout etap pwosesis la pandan ke li te an konsiderasyon nan Kongrè a. Apre adopsyon li, New York te mete ansanm ak twa lòt eta pou rele gouvènman federal la lajistis poutèt atak ilegal ak atak sible sa a. Gouvènè a pral kontinye batay kont lwa sa a ak menas ke li poze pou Eta New York, epi li egzòte nouvo Palman Reprèzantasyon Demokratik lan pou yo leve kanpe ansanm epi mande pou ke dediksyon SALT lan retabli konplètman.

Kontinye ak Pwosè Lajistis Kont Gouvènman Federal la Pou Defye Lwa Fiskal Enkonstitisyonèl lan Ki Sible New York: Gouvènè Cuomo ak Pwokirè Jeneral Barbara D. Underwood te lanse yon pwosè lajistis pou pwoteje New York ak kontribyab li yo kont rediksyon radikal prelèvman SALT yo ke Washington ap fè. Pwosè a bay agiman ke yo te adopte nouvel limit SALT la pou sible New York ak lòt eta ki nan menm pozisyon yo, ki ap entèfere ak dwa eta yo pou pran pwòp desizyon fiskal yo, epi ke li pral afekte nan yon fason dispwopòsyone kontribyab yo ki nan eta sa yo. Gouvènè a ak Pwokirè Jeneral Letitia James pral kontinye nan batay yo ap mennen pou ranvèsè limitasyon san presedan epi enkonstitisyonèl lwa sa a mete sou dediktibilite SALT yo.

Konstwi Enfrastrikti 21èm Syèk

Investisman yon 150 Milya Dola Adisyonèl nan Pi Gwo Pwogram Enfrastrikti Nasyon an: Gouvènè Cuomo te pran yon angajman san presedan pou envesti 150 milya dola nan pwòje enfrastrikti yo sou senk pwòchèn ane yo. Kòmansè apati Ane Fiskal 2020, pwòje kapital sa yo pral rekonstwi sistèm transpò ak sikilasyon masif yo, atire devlopman ekonomik ak kominotè, kreye nouvo etablisman anviwònman ak pak yo, sipòte avni enèji dirab nou an.

Redwi Anbouteyaj Sikilasyon nan Vil New York epi Finanse MTA: Ane sa a, Gouvènè a pral mete sou pye tarif pou abouteyaj yo pou ka etabli yon seri finansman pou transfòme sistèm transpò a epi redwi abouteyaj nan Manhattan. Nan faktire tarif pou machin yo vanse nan zòn ki pi abouteyaj yo nan Vil New York epi apre retounen envesti fon sa yo nan amelyorasyon transpò yo, plan sa a pral konbat blokis epi bay abitan ak vizitè Vil New York yo sistèm transpò klas mondyal ke yo merite.

Etabli Responsabilite pou MTA: MTA se yon biwokrasi ki manke tout responsabilite yo. Komite ki gen 17 manm lan pa bay okenn moun poukont yo yon majorite klè moun yo nonmen yo epi genyen 32 sendika ki ap reprezante anplwaye MTA yo ki egzèsè yon pouvwa politik konsiderab sou otorite ki eli yo ki ap nonmen manm komite a yo. Pou ka

remanye biwokrasi sa a epi repare sistèm lan, Gouvènè a pral travay ansanm ak Kò Lejislatif lan pou etabli otorite ki klè sou MTA, pandan ke nou ap kontinye rezoud nesesite pou gen finansman ki dedike a li ak pataj mank finansman kapital yo ant Vil New York ak Eta New York. Sèlman ak otorite ke yo chwazi ak finansman ki adekwat ke yo ka remanye MTA pou li ka vin sistèm transpò ki efikas epi efektif ke moun New York yo merite.

Elaji Konstwiksyon apati Konsepsyon epi Adopte Lòt Efikasite yo pou Akselere Pwojè Konstwiksyon yo: Pwogram enfrastrikti Gouvènè Cuomo a ki koute 100 milya dola se pwogram ki pi gwo epi pi pwogresis nan nasyon an. Kle reyisit pwogram nan se desizyon vizyonè Gouvènè a pran pou deplwaye metòd konstwiksyon apati konsepsyon yo nan pwojè ki konplike yo, sa ki ap ekonomize tan ak lajan kontribiyab yo nan fè yon sèl antrepriz responsab pou alafwa yon konsepsyon pwojè ak konstwiksyon aktyèl li. Pou asire efikasite atravè pwojè Eta yo, Bidjè Egzekitif lan gen ladan pwojè lwa ki ap otorize itilizasyon metòd modèn tankou metòd 'Construction Manager at-Risk' ak metòd 'Construction Manager-build', pandan ke yo ap elaji konstwiksyon apati konsepsyon yo nan ajans adisyonèl yo.

Kontinye ak Estrateji Soti Anba Monte Anlè pou Devlopman Ekonomik New York

Envesti 750 Milyon Dola pou Nevyèm Faz nan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo (Regional Economic Development Councils, REDC): Nan 2011, Gouvènè Cuomo te etabli 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo pou devlope plan devlopman ekonomik stratejik alontèm. Depi lè sa a, REDC yo te akòde 6.1 milya dola bay plis pase 7,300 pwojè. Nouvo strateji sa a te lakoz gen 230,000 nouvo oswa travay yo te konsève nan New York. Bidjè Egzekitif la gen ladan l finansman pou kapital ak kredi taks prensipal yo ki pral melanje ansanm yon bann varyete pwogram ki egziste deja nan ajans yo pou nevyèm tou sibvansyon REDC te akòde a yo ki vin total 750 milyon dola.

Envesti nan Kominote yo Atravè Eta a Apati Katriyèm Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la (Downtown Revitalization Initiative): Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la ap transfòme katye sant vil yo pou yo tounen kominote dinamik kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay ak elve fanmi yo. Dis REDC Eta yo baze sou potansyèl transfòmasyon sant vil sa yo pou yo nonme kominote k ap patisipe yo. Atravè twa faz prim yo, yo te bay chak kominote gayan yo 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou sant vil yo epi reyalize pwojè katalizè enpòtan yo pou fè vanse vizyon pou revitalizasyon kominote a. Bidjè Egzekitif lan ap bay 100 milyon dola pou IVèm Faz Pwogram Revitalizasyon Sant Vil la.

Asire Yon Bon Jan Kalite Edikasyon pou Tout Moun

Mande Distrik yo Distribiye Asistans Eta a nan yon Fason Ki Pi Ekitab pou Lekòl Ki Gen Plis Nesesite yo: Menm si Eta a ap distribiye 70 pousan nan finansman li yo bay distrik ki gen plis nesesite yo, distrik yo pa toujou distribiye finansman bay lekòl yo nan yon fason ki ekitab. An reyalite, kèk distrik eskolè gen lekòl ki gen pi gwo nesesite yon nivo konsiderab ki ap resevwa mwens pase lekòl mwayen nan distrik lan. Nou dwe

abòde pwoblèm sa a epi an konsekans Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou egzije ke distrik eskolè sa yo dedike yon pòsyon nan asistans eskolè 2019-20 yo pou ogmante alokasyon pa elèv yo nan lekòl ki gen gwo neseseite yo. Ogmantasyon sa a nan alokasyon pral ede asire ke finansman ki destine a ede amelyore rezilta edikatif yo pou elèv ki gen plis neseseite yo rive jwenn elèv sa yo.

Ogmantasyon Asistans Edikasyon pou 1 Milya Dola: Sipò Eta a pou distrik eskolè yo pral ogmante de 8.1 milya dola (42 pousan) depi Ane Fiskal 2012. Plis pase 70 pousan nan ogmantasyon ane sa a ale jwenn distrik lekòl ki gen gwo neseseite yo. Asistans Fondasyon an ogmante de 338 milyon dola.

Elaji Lekòl Anvan Matènèl Inivèsèl: Bidjè a gen ladan yon investisman 15 milyon dola adisyonèl nan lekòl anvan matènèl yo pou agrandi bon jan kalite enstwiksyon lekòl anvan matènèl yo ki dire mwatye jounen ak jounen konplè pou timoun ki gen laj twa ak kat an ki nan distrik lekòl ki gen gwo bezwen yo.

Rekrite 250 Nouvo Pwofesè nan Zòn Ki Gen Mank yo atravè Pwogram “We Teach NY” lan: Ak objektif pou divèsifye epi ranfòse liy ravitayman mendèv pwofesè a, Gouvènè Cuomo ap pwopoze envesti 3 milyon dola nan pwogram We Teach NY lan, ki pral yon fason estratejik rekrite 250 nouvo pwofesè pou ka okipe pozisyon travay ki idantifye yo nan sal klas New York yo an 2024.

Elaji Pwogram ‘Master Teacher’ an nan Lekòl Ki Gen Anpil Povrete yo pou Ogmante Aksè a Klas Avanse yo: An 2013, Gouvènè Cuomo te lanse Pwogram “Master Teacher” Eta New York lan pou ka ranfòse edikasyon STEM nan nasyon nou an, ki ap bay edikatè ke yo chwazi yo yon salè 15,000 dola anyèl pandan kat ane, opòtinite devlopman pwofesyonèl ak yon platfòm pou favorize yon anviwònman ki bay sipò pou pwochèn jenerasyon pwofesè STEM yo. Nan objektif pou ka rekrite epi kenbe edikatè ekstrayòdinè yo nan lekòl ki gen pi plis povrete yo, Bidjè Egzekitif lan pral bay 1.5 milyon dola pou sipòte 100 nouvo Pwofesè Metriz yo ki ap anseye nan lekòl ki gen anpil povrete yo ki gen gwo nivo woulman pwofesè yo oswa gwo nivo pwofesè ki relativman ineksperimante.

Pwoteje Moun Ki Fè Prè Etidyan yo: Genyen anviwon 2.8 milyon moun ki fè prè etidyan nan New York ki gen dis milya dola nan dèt prè etidyan ekstrayòdinè yo, ki desèvi pa anviwon 30 konpayi ki ap bay sèvis prè etidyan yo. Gouvènè a pral pwopoze pwoteksyon revolisyonè pou moun ki fè prè etidyan yo nan mande konpayi yo ki ap bay sèvis prè etidyan yo ki fèt pa moun New York yo pou yo jwenn yon lisans leta, epi reponn a estanda ki konsistan ak lwa yo ak règlemantasyon ki ap gouvènè lòt prè pwodwi konsiderab yo tankou lajan ipotèk; entèdi montan frè alavans yo; egzije kontra ki ekkitab ak divilgasyon ki klè epi vizib bay moun ki ap fè prè yo; epi bay sanksyon si yo pa rive konfòme yo anba lalwa.

Kreyasyon Opòtinite Ekonomik pou Chak Moun New York

Lanse Inisyativ Mendèv 175 Milyon Dola a: Gouvènè Cuomo pral lanse yon nouvell Aplikasyon pou Finansman Konsolide pou investisman nan mendèv yo ki pral sipòte

efò reyjonal estratejik yo ki reponn a bezwen an mendèv akoutèm biznis yo, amelyore liy ravitayman talan reyjonal yo, elaji estaj yo, epi abòde bezwen alontèm endistri ki ap devlope yo — ak yon fokis patikilye sou domèn ki ap emèje yo ki gen demann ki ap ogmante pou travay tankou enèji pwòp, teknoloji sante, ak syans enfòmatis. Fon sa yo pral sipòte tou efò ki ap fèt pou amelyore sekirite ekonomik pou fanm, jèn moun, ak lòt popilasyon yo ki ap fè fas a obstak konsiderab pou avansman karyè yo.

Elaji Opòtinite Fòmasyon ki Santre sou Patwon Travay yo apati Ranfòsman Pwogram Motivasyon Fòmasyon Anplwaye an (Employee Training Incentive Program, ETIP): Gouvènè Cuomo ap pwopoze elaji Pwogram Motivasyon Fòmasyon Anplwaye an pou bay plis opsyon fòmasyon yo pou plis endistri yo nan pèmèt patwon travay yo gen magazen fòmasyon ki dedike yo pou atire ekspètiz adomisil nan bay fòmasyon ki apwouve, epi apati ekspansyon kredi fiskal ETIP yo pou opòtinite estaj yo nan endistri gwo teknoloji adisyonèl yo.

Pwoteje Travayè yo Kont Aktivite Ki Ap Kraze Sendika yo apati Kodifikasyon EO 183 pou vin Lwa epi Elaji Pwoteksyon li yo sou Gouvènman Lokal yo: Eta New York gen yon istwa ki distenge epi ki la depi lontan nan kanpe bò kote travayè sendika yo. Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral kontinye pwopoze sipò li pou sendika yo apati entwodiksyon pwojè lwa ki ap non sèlman kodifye EO 183 pou vin lwa, men tou elaji pwoteksyon li yo sou gouvènman lokal yo pou asire ke plis travayè sendika yo pwoteje.

Ogmante Sanksyon Kriminèl pou Vòl Salè yo: Gouvènè Cuomo pral fè vanse pwojè lwa pou ogmante sanksyon kriminèl pou patwon travay yo ki volontèman oswa entansyonèlman komèt vyolasyon vòl salè yo pou ka aliye de prè pi plis ak lòt fòm vòl yo.

Asire Aksè a Lojman ki A Pri Abòdab

Adopte Pwojè Lwa Istorik pou Ranfòse Reglemantasyon Pri Lwaye yo: Ane sa a, Gouvènè a ap pwopoze refòm sou reglemantasyon pri lwaye yo, ki gen ladan mete fen nan dekontwòl kay vid yo, rejte lwaye preferansyèl, epi limite fakti amelyorasyon pou batiman ak apatman yo. Chanjman sa yo pral prezève estòk lojman ki regilarize pri lwaye, ranfòse dwa lokatè yo a lojman ki a pri abòdab, epi asire ke moun New York yo gen bon jan kalite lojman sekirize epi ki a pri abòdab.

Limite Depo Garanti yo pou Redwi Obstak pou Lojman yo: Gouvènè Cuomo pral pwopoze pwojè lwa pou limite depo garanti yo a yon montan maksimòm yon mwa lwaye atravè Eta New York, sa ki ap fè limit depo garanti New York yo pami sa ki pi djanm nan nasyon an. Lwa sa a pral sèvi pou asire ke depo sekirite akablan yo pa pral sèvi ankò kòm yon obstak antre pou nenpòt moun ki ap eseye jwenn yon nouvo kote pou viv.

Ede Fanmi yo Konstwi Kredi epi Evalye Nòt Kredi yo yon Fason Olistik: Nan Eta New York, laplipa pwopriyete kay yo te fè verifikasyon kredi antesedan yo sou lokatè potansyèl yo, ki souvan mennen a rejè aplikan ki gen nòt kredi ki fèb yo oswa yon rejis kredi ki ensifizan. Pou ka asire ke tout moun New York yo gen yon pati ekitab nan aksede a bon jan kalite lojman ki a pri abòdab, Gouvènè Cuomo pral pwopoze

règlemantasyon ki ap entèdi operatè lojman ke leta finanse yo pou yo otomatikman rejte aplikan ki gen kredi fèb oswa rejis fayit yo. Olye de sa a, Eta a pral egzije pou yo evalye olistikman tout lokatè potansyèl ak pwopriyetè kay yo pou ka detèmine sikonstans ki lye ak rejis kredi yo ak kapasite yo pou yo peye lwaye sou yon baz pwogresis.

Adopte Pwoteksyon Sous Revni yo pou Sipòte Lojman Ekitab pou Tout Moun:

Nan kèk pati nan Eta New York, pwopriyetè kay yo ka rejte aplikan baze sou sous revni legal yo, sa ki ap afekte yon fason dispwopòsyone fanmi ki depann sou asistans revni ki pa salè oswa asistans revni yo, ak sila yo ki ap itilize kupon yo pou ka jwenn lojman pou fanmi yo. Gouvènè a pral travay ansanm ak Kò Lejislatif lan pou ka amande Lwa Dwa Imen Eta New York lan (New York State Human Rights Law) pou entèdi diskriminasyon ki baze sou sous revni legal atravè eta a pou asire ke revni legal sa a pa yon gwo obstak pou lojman, sa ki ap redwi enstabilite finansye pou moun New York ki pi vilnerab sou plan ekonomik yo.

Konbat Povrete

Sipòte Kominote ESPRI yo epi Etabli Repezantasyon ESPRI nan Komite Devlopman Mendèv REDC yo: An 2016, Gouvènè Cuomo te kreye Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) pou ka konbat povrete epi redwi inegalite. ESPRI se yon konpozan enpòtan nan kalandriye kont povrete ke Gouvènè a genyen, epi ane sa a Gouvènè Cuomo ap pwopoze ajoute sou reyisit patenrya Eta ak lokal sa yo pou ka abòde pwoblèm povrete, sa ki ap sipòte plis efò ki baze sou kominote yo atravè finansman ESPRI ki ap kontinye. Gouvènè Cuomo pral kontinye sipòte tou efò ke REDC yo ap fè ak kominote devlopman ekonomik pou ka elaji epi apwofondi angajman yo pran anvè efò kont povrete sou plan lokal yo, epi li pral asire ke yo enkli yon repezantan ESPRI nan chak Komite Devlopman Mendèv (Workforce Development Committee) rejon yo epi li enplike nan pwosesis revizyon pou nouvell Inisyativ Devlopman Mendèv Gouvènè an.

Redwi Famin ak Ensekirite Alimantè: Pou ajoute sou investisman istorik yo pou ka konbat ensekirite alimantè, Gouvènè Cuomo pral etabli yon objektif pou redwi ensekirite alimantè familyal nan Eta New York de 10 pousan apati 2024. Nan objektif pou ka akonpli objektif sa a, Gouvènè Cuomo ap òdone aksyon sa yo: kreye yon kowòdinatè politik alimantè ak kont famin; senplifye aksè a SNAP pou granmoun aje ak sa ki andikape yo; resous ki entansifye ak rekòmandasyon a sistèm klinik yo; patisipe nan pilòt acha sou entènèt pou SNAP; epi elaji aksè nan Brooklyn Santral.

Sipòte Ekonomi Riral ak Agrikòl lan

Kontinye ak Revitalization Espas Tèren Gwo Fwar Eta New York yo (Great New York State Fairgrounds): Fwar Eta a atire 100 milyon dola nan yon ane nan aktivite ekonomik nan New York Santral ak plizyè milye travay. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te investi plis pase 120 milyon dola nan de faz sou twa dènye ane yo pou ka refè Espas Tèren Fwar Eta New York yo. Pou kontinye ak transfòmasyon Espas Tèren Fwar Eta yo, Eta a pral fè renovasyon ak modènizasyon adisyonèl pou ka

ranfòse eksperyans itilizatè yo. Angajman Gouvènè a kontinye fè espas tèren fwar yo vin yon destinasyon pandan tout ane a.

Finanse Pwogram Kle yo pou Sipòte Fèmme New York yo: Endistri agrikòl lan chaje varyabilite ak ensètitid. Kòm yon refleksyon rezolisyon Gouvènè a pou sipòte fèmme New York yo, Bidjè Egzekitif ane sa a pral kontinye finanse asistans teknik ki espesyalize, pwomosyon endistri, ak envestisman nan rechèch yo atravè eta a pou ka redwi ekspozisyon fèm yo a enkonsistans ekonomik ak klimatik.

JISTIS SOSYAL

Pwopoze Jistis Kriminèl Pou Tout Moun

Refòm Kosyon ak Detansyon Prevantif: Gouvènè Cuomo ap pwopoze pwojè lwa ki pral mete fen nan kosyon ak lajan kach yo yon fwa pou tout, sa ki ap redwi yon fason konsiderab kantite moun ke yo te kenbe an detansyon prevantif nan prizon, epi asire pwosesis ki nesèsè pou nenpòt moun ki ap rete tann jijman nan prizon yo. Seri refòm sa yo pral gen ladan yon manda pou ke Lapolis bay tikè aparans yo olye de fè arestasyon nan ka ki pa grav yo, elimine lajan kòm yon mwayen pou detèmine libète, epi enstitisyonnalize yon nouvo pwosedi kote yon pwokirè distrik ka vanse ak yon odyans pou ka detèmine si wi ou non yo ka kenbe moun ki akize epi ki kalifye yo nan detansyon prevantif, pou ki jij lan dwe jwenn koz rezonab pou kwè ke moun nan se yon danje pou pwòp tèt yo oswa lòt moun.

Amelyore Transparans nan Pwosesis Dekouvèt lan: Antan ke sèlman youn nan dis eta kote pwokirè yo ka konsève evidans bazik jiska jou lè jijman an kòmanse, plan Gouvènè Cuomo a pral pote pwosesis dekouvèt New York lan nan 21èm syèk lè li ap egzije pou alafwa pwokirè ak moun ki akize yo pataje tout enfòmasyon ki an posesyon yo byen alavans jijman an. Yo pral pèmèt moun ki akize yo tou gen opòtinite pou revize kèlkeswa evidans ki an posesyon pwosè a anvan yo plede koupab pou yon krim.

Asire Dwa a yon Jijman Akselere: Gouvènè Cuomo pral entwodwi pwojè lwa ki ap asire ke dosye kriminèl yo pa retade pi lontan san responsabilite. Ak pwopozisyon sa a, Gouvènè Cuomo pral garanti ke tout pwosedi dekouvèt ki nesèsè yo konplete rapidman, epi ke yo pa kenbe okenn moun New York nan prizon yon fason ilegal pandan ke yo ap rete tan jou yo nan tribinal.

Aboli Pèn Kapital: Menm si Tribinal Apèl New York lan (New York Court of Appeals) te deklare pèn kapital lan enkonstitisyonèl an 2004, yo pa te janm rejte totalman sanksyon kapital la nan lwa a. Pou ka abòde dekalaj sa a, Gouvènè Cuomo pral entwodwi pwojè lwa pou ka aboli pèn kapital pou lavi nan lwa a pou ka garanti ke yo pa janm pratike sanksyon drastik sa a ankò nan Eta New York.

Transfòme Itilizasyon Izòlman Solitè yo nan Prizon Leta yo: Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te drastikman fè refòm epi li te redwi itilizasyon izòlman solitè yo pou moun ki angaje nan move kondwit yo nan prizon leta yo. Gouvènè a ap pase DOCCS

enstwiksyon pou akselere dinamis refòm izòlman solitè a apati limitasyon kantite tan moun nan pase an separasyon, konstwiksyon kay lojman ki dedike yo pou reyabilitasyon ak entegrasyon apre yon sanksyon disiplinè, ak elajisman pwogramasyon terapetik yo pou ranfòse konpòtman ki pozitif epi sosyal.

Etabli Liberasyon Pa Konpasyon: Gouvènè a pral etabli yon pwosesis liberasyon pa konpasyon pou moun ki anprizone yo ki gen laj plis pase 55 an ki gen pwoblèm medikal andikapan yo ki agrave akòz laj yo.

Adopte yon Pake Reyentegrasyon Global pou Amelyore Rezilta yo pou Moun Ki Te Anprizone Anvan sa yo: Gouvènè Cuomo pral adopte yon plan ki gen kat pwen pou ka fasilite fado ke yo te mete sou do moun ki te peye dèt yo bay sosyete a epi bay yo opòtinite ke yo bezwen pou reyisi.

Legalize Itilizasyon Kanabis pou Granmoun

An Janvyè 2018, Gouvènè Cuomo te pase Depatman Sante a (Department of Health) enstwiksyon pou yo lanse yon etid ant divès ajans pou ka revize enpak potansyèl kanabis ki regilarize ka gen nan New York. Etid lan, ki te soti nan mwa Jiyè pase a, te konkli ke enpak pozitif yon pwogram kanabis ki regilarize nan Eta New York yo depase aspè negatif potansyèl yo. Pou ajoute sou sansibilizasyon ak rechèch entansif yo, Gouvènè Cuomo ap pwopoze etablisman yon pwogram kanabis ki regilarize pou granmoun ki gen laj 21 ak sa ki pi aje yo nan Bidjè Ane Fiskal 2020 an ki ap pwoteje sante piblik, bay pwoteksyon pou konsomatè yo, asire sekirite piblik, abòde enkyetid jistis sosyal yo, epi envesti revni fiskal yo. Espesifikman, pwogram nan pral:

- Redwi enpak kriminalizasyon ki ap afekte kominote moun nwa yo.
- Otomatikman sele kèk rejis kriminel ki an rapò ak kanabis.
- Mete sou pye bon jan kalite kontwòl ak pwoteksyon konsomatè pou pwoteje sante piblik.
- Konte ak gwo vil yo ka chwazi soti ladan.
- Limite aksè a nenpòt moun ki gen laj mwen pase 21 an.
- Jenere anviwon 300 milyon dola nan revni fiskal epi kreye travay.

Pwopoze Jistis Repwodiktif ak Egalite Fanm yo

Adopte Lwa sou Sante Repwodiktif lan (Reproductive Health Act, RHA) ak Lwa sou Kouvèti Kontraseptif Konplè an (Comprehensive Contraceptive Coverage Act) epi Enkli Definitivman Roe v. Wade nan Konstitisyon Eta New York lan:

Gouvènè Cuomo pral travay ansanm ak Kò Lejislatif lan pou adopte Lwa sou Sante Repwodiktif lan pandan 30 premye jou yo nan Sesyon Lejislatif 2019 lan, ki ap kodifye prensip Roe v. Wade yo pou vin Lwa Eta a. Lwa sa a pral asire dwa moun yo pou yo kapab pran desizyon sou swen sante pèsonèl yo pou pwoteje sante yo, an plis de lavi yo, epi asire ke pwofesyonèl swen sante yo kapab bay sèvis krisyal sa yo san laperèz sanksyon kriminel. Apre adopsyon RHA a, Gouvènè a pral pwopoze yon rezolisyon ki konkiran pou ka enkli definitivman Roe v Wade nan Konstitisyon Eta New York lan. An plis, Gouvènè Cuomo pral pwopoze yon pwojè lwa pou kodifye aksè abòdab a

kontrasepsyon, ki gen ladan kontrasepsyon ijans, nan Lwa Eta New York lan, apati adopsyon Lwa sou Kouvèti Kontraseptif Konplè an (Comprehensive Contraceptive Coverage Act).

Amelyore Aksè a Fegondasyon In-Vitro (In-Vitro Fertilization, IVF) ak Kouvèti Prezèvasyon Fètilite: Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral pwopoze pwojè lwa pou elaji aksè a kouvèti pou IVF, menm jan ak sèvis prevansyon fètilite ki nesèsè sou plan medikal yo. Pwojè lwa sa a pral espesifikman egzije pou gwo gwoup konpayi asirans yo kouvri IVF epi li pral egzije tou gwo gwoup, ti gwoup, ak gwoup endividyèl konpayi asirans yo kouvri sèvis pou konjle ze yo pou fanm ki gen kèk pwoblèm sante, ki enkli tretman kansè ki ap kontinye.

Redwi Mòtalite ak Mòbidiite Matènèl ak Inegalite Rasyal yo: Baze sou rekòmandasyon yo ki te fèt pa Fòs Entèkansyon sou Mòtalite Matènèl (Maternal Mortality Taskforce) ki te etabli pa Gouvènè Cuomo an 2018, Gouvènè a pral pwopoze yon seri politik pou ka redwi mòtalite matènèl ak inegalite rasyal nan Eta New York, ki gen ladan kreyasyon yon pwogram edikasyon ak fòmasyon pou ka redwi prejije rasyal enplisit yo nan enstitisyon swen sante yo atravè eta a, elaji pwogram Travayè Sante Kominotè yo, adopsyon pwojè lwa pou kreye yon Komite Revizyon Mòtalite Matènèl (Maternal Mortality Review Board) atravè Eta a, kreyasyon yon baz done pou bay enfòmasyon ki prèske an tan reyèl sou mòtalite ak mòbidite matènèl epi pou enfòme bon jan kalite inisyativ ki sible yo, ak konvokasyon yon Gwoup Travay Ekspè sou Swen Apre Akouchman yo pou devlope rekòmandasyon ki sible moman krisyal imedyatman apre akouchman an.

Pase Amanman Dwa Egal Ego an (Equal Rights Amendment): Gouvènè Cuomo pral pouse pou yo adopte Amandman sou Dwa Egal Ego an pou ajoute sèks kòm yon klas pwoteje nan Seksyon 11 nan Atik 1 nan Konstitisyon Eta New York lan. Avèk chanjman sa a, Seksyon 11 nan Atik 1 Konstitisyon Eta New York la pral li kòm swit: Yo pa dwe refize bay okenn moun pwoteksyon egal dapre lalwa Eta sa a oswa nenpòt sibdivizyon li yo. Okenn lòt moun oswa okenn sosyete, kòporasyon oswa enstitisyon, oswa Eta a oswa nenpòt ajans oswa sibdivizyon eta a pa gen dwa diskrimine kont okenn moun akòz de ras yo, koulè yo, sèks yo, kwayans yo oswa relijyon yo dapre dwa sivik yo genyen yo.

Pwomilge Lwa sou Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo (Domestic Violence Survivors Justice Act): Gouvènè Cuomo pral fè vanse Lwa sou Jistis pou Sivivan Vyolans Familyal yo, ki pral plis devlope Lwa Jenna (Jenna's Law) pou l vin gen ladan rediksyon konsiderab kondanasyon yo epi anglobe krim yo komèt non sèlman kont agresè yo, men tou krim yo komèt sou lòd agresè yo. Lwa a pral pèmèt tou pou yon ti pòsyon nan popilasyon sivivan ki nan prizon aktyèlman la yo aplike pou yo mande yon nouvèl detèminasyon kondanasyon yo an epi lage yo pi bonè akòz yo te viktim avan.

Elimine Delè Preskripsyon pou Vyòl yo: Byenke New York te retire delè preskripsyon pou Vyòl Opremye Degre yo, gen yon delè preskripsyon ki toujou rete an plas pou Vyòl Odezyèm Degre ak Otwazyèm Degre yo. Kidonk, an 2019 Gouvènè Cuomo pral fè

vanse lejislasyon pou retire delè preskripsyon pou Vyòl Odezyèm Degre ak Otwazyèm Degre yo.

Ogmante Pwoteksyon Kont Asèlman nan Milye Travay yo: Pou li ka plis devlope ansanm lejislasyon sou asèlman seksyèl ki pi global ki gen nan peyi a ke Gouvènè Cuomo te siyen vin lwa an 2018 la, Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou yo bese estanda elve yo te tabli pou anplwaye yo ka responsabilize lòt anplwaye parèy yo dapre Lwa Dwa Moun New York (New York Human Rights Law) tabli pou asèlman seksyèl la, pwoteje dwa anplwaye yo genyen pou yo depoze plent, epi asire ke travayè yo konnen dwa yo, lè yo egzije pou anplwayè yo poste yon postè edikatif sou asèlman seksyèl ki vizib pou tout je wè nan milye travay yo a.

Modènize Lwa sou Egalite Salaryal (Pay Equity Law) New York la: Depi lè Gouvènè Cuomo te antre an fonksyon, li ap lite agresivman pou l redwi eka ki gen nan zafè inegalite revni salaryal ant gason ak fanm nan New York. Ane sa a, Gouvènè Cuomo pral plis devlope efò sa a lè li defann pwomilgasyon lwa sou entèdiksyon istorik salaryal la. Anplis de sa a, Gouvènè a pral fè vanse lejislasyon pou agrandi definisyon “a travay egal, pou salè egal” la pou yo egzije salè egal sou baz ras, etnisite ak lòt karakteristik pwoteje yo, epi pou yo agrandi egzijans ki mande pou yo peye salè egal pou tout travay ki esansyèlman similè yo, sa k ap ajoute fleksibilite kont teni nivo konplèksite pwoblèm lan.

Si w ka Wè Li, Ou Ka Devni Li 2019 — Patisipasyon Tifi yo nan Gouvènman an: Gouvènè Cuomo pral kreye yon opòtinite pou tifi yo aprann konnen enpak yo ka genyen atravè politik nan kad nouvo inisyativ Patisipasyon Tifi yo nan Gouvènman an (Girls in Government), ki se yon pwogram enpasyal k ap ankouraje tifi ki nan klas 8yèm ane rive 12yèm ane yo patisipe nan gouvènman ak nan politik piblik yo. Pwogram lan pral entwodwi tifi yo a mekanis pledwaye ak politik piblik yo epi fè tifi yo aprann konnen zafè piblik ak pwoblèm ki pèsònèlman enpòtan pou yo epi ki enpòtan pou kominote yo a. Yo pral ka wè ak pwòp je yo fonksyonman entèn gouvènman eta a epi y ap ka rankontre ak fonksyonè eli yo ak pèsònèl kad siperyè yo.

Kreye yon New York ki pi an Sekirite

Etabli Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo pou Sove Lavi Moun: Gouvènè Cuomo pral kontinye defann Pwojè Lwa Drapo Wouj la (Red Flag Bill), ke yon konn rele tou Pwojè Lwa Òdonans Pwoteksyon Kont Risk Ekstrèm yo (Extreme Risk Protection Order Bill), ki pral anpeche moun ke yon tribinal detèmine ki gen potansyèl pou yo fè tèt yo mal oswa fè lòt moun mal yo achte, posede, oswa eseye achte oswa eseye posede nenpòt modèl zam, ki gen ladan yo pistolè, fizi, oswa fizi chas yo. Pwojè lwa sa ap ajoute sou lwa New York genyen sou zam yo ki deja lwa ki pi solid nan nasyon an, epi, si yo pwomilge yo, yo pral fè New York vin premye Eta nan peyi Etazini ki bay pwofesè ak administratè lekòl yo mwayen pou yo anpeche fiziyad nan lekòl yo atravè pouswit entèvansyon tribinal yo.

Pwolonje Peryòd Datant pou Verifikasyon Antesedan Kriminèl yo: Gouvènè Cuomo ap kontinye sipòte lejislasyon pou tabli yon peryòd datant 10 jou pou moun yo

pa te apwouve imedyatman pou yo achte yon zam afe atravè Sistèm Verifikasyon Antesedan Kriminèl Enstan Nasyonal la (National Instant Criminal Background Check System, NICS).

Entèdi Bump Stock yo: Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou yo elimine lakin reglemantè ki egziste yo pou entèdi moun achte oswa posede bump stock. Menm jan fiziyad ki te fèt Las Vegas an 2017 la te montre nou, yo ka atache bump stock yo nan yon zam semi-otomatik pou yo fè l fonksyone prèske menm jan ak yon mitrayèz epi yo gen konsekans mòtèl. Bump stock yo pa gen okenn izaj lejitim pou chasè oswa espòtif yo epi yo sèlman lakoz koudfe enprevizib akselere, epi pa gen okenn rezon pou nou pèmèt yo kontinye vann yo nan Eta New York.

Adopte Lwa sou Viktim ki Timoun yo (Child Victims Act): Apre li fin fè vanse Lwa sou Viktim ki Timoun yo, Gouvènè Cuomo ap lite pou l pwomilge pwojè lwa sa a epi ofri sivivan yo yon pakou pou yo jwenn jistis ke yo t ap tann depi twò lontan. Lejisasyon sa a pral ogmante peryòd tan yo ka rann yon agresè seksyèl ki enplike timoun kriminèlman responsab, l ap pèmèt moun ki viktim yo kòmanse yon pwosè sivil a nenpòt ki moman jiskaske yo rive nan laj 50 tan, epi l ap asire ke chak grenn sivivan gen yon opòtinite pou yo chache jwenn jistis lè yo kreye yon espas ennan pou pèmèt viktim ki te gen reklamasyon yo pat ka fè akòz de delè yo ki te ekspire yo angaje yon pwosè kont agresè yo.

Pwomilge Refòm Global sou Sekirite Gwo Veyikil Patikilye yo: Trajedi orib ki te enplike limouzin alonje modifiye yo nan Konte Schoharie an 2018 ak nan Konte Suffolk an 2015 lan te ranpli kè chak Nouyòkè ak yon santiman anpati ak chagren pwofon pou viktim yo ak pwòch yo. Gouvènè Cuomo pwopoze yon seri refòm reglemantè pou l alafwa pwoteje pasaje yo epi responsabilize sila k ap chache bafwe lalwa yo, ki gen ladan yon entèdiksyon total sou imatrikilasyon limouzin yo refabrike yo, sa k ap entèdi yo fonksyone nan Eta New York.

Otorize Kamera Kontwòl Vitès yo: Pou retabli pwojè lwa ke Gouvènè a te siyen vin lwa an 2013 la k ap otorize Vil New York devlope yon sistèm pou amelyore sekirite woutyè nan zòn ki gen lekòl yo atravè itilizasyon teknoloji kamera pou yo anrejistre ak fè respekte kontravasyon vitès yo, Gouvènè a pral prezante yon pwopozisyon pou retabli ak agrandi pwogram kamera kontwòl vitès la nan Vil New York.

Pwomilge Ajanda Demokrasi a

Pèmèt Vòt Pa Korespondans Inivèsèl: Gouvènè Cuomo pral fè efò pou l modifiye konstitisyon an pou rann bilten vòt pa korespondans yo disponib pou nenpòt elektè ki elijib, kèlkeswa rezon ki fè yo vle itilize youn.

Pwomilge Vòt Antisipe Toupatou Atravè Eta a: Pwopozisyon sa a pral melanje vòt antisipe ak kaye sondaj elektwonik yo, sa k ap rann li pi fasil pou travayè elektoral yo kontwòle rejis vòt yo epi verifye idantite ak estati enskripsyon elektè yo.

Pèmèt Moun Enskri Menm Jou Eleksyon an: Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou yo modifye konstitisyon an pou elimine obstak demode ki poutan redoutab sa a, ki anpeche moun rive atenn bwat eskriten an.

Anrejistreman Otomatik: Jodia moun New York genyen opòtinite pou anrejistre pou vote nan entèraksyon ak ajans Eta yo epi yo dwe mande pou yo anrejistre yo. Bidjè a pral genyen ladann yon pwopozisyon pou envèse pwosesis sa a epi anrejistre moun New York ki kalifye pou vote sof si yo mande pou yo pa anrejistre yo. Anrejistreman otomatik moun k ap vote pral non sèlman ogmante anrejistreman kantite moun k ap vote ak patisipasyon nan eta a, men li pral ranfòse tou pwosesis demokratik nou an.

Rann li pi Fasil pou Moun Enskri pou yo Vote: Pou l kapab asire pwosesis enskripsyon pou moun vote a osi senp posib, Gouvènè a ap pwopoze pou tout opòtinite enskripsyon otomatik yo disponib sou entènèt, epi pou Nouyòkè yo kapab aplike pou yo enskri pou yo vote sou sitwèb Konsèy Elektoral Eta a (State Board of Elections) si yo ta chwazi fè sa a.

Fè Jou Eleksyon an yon jou konje: Enkapasite pou moun pran konje nan travay yo pa ta dwe janm yon obstak ki anpeche yon moun vote. Se sa ki fè, Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou l garanti ke chak travayè nan Eta New York resevwa, an plen dwa, konje peye pou yo ka al vote nan Jou Eleksyon an.

Elimine Restriksyon ki genyen sou Kesyon Vote Avan Mldi nan Eleksyon Premye Tou nan Rejyon Nò yo: Gouvènè Cuomo pral repare aksè inegal a bwat eskriten ki genyen toupatou atravè eta a yo lè li garanti yo pwolonje lè douvèti biwo vòt yo pou eleksyon premye tou nan rejyon nò a pou yo koresponn a lè douvèti biwo vòt ki nan rès eta a yo.

Lite pou Asire ke yo Konte Tout Nouyòkè nan Resansman Ane 2020 an: An 2019, Gouvènè Cuomo pral lanse yon kanpay global pou l pwoteje entegrite Resansman 2020 an epi pou l asire ke yo konte tout Nouyòkè.

Pwomilgasyon Refòm sou Etik yo

Adopte Refòm nan Finansman Kanpay Elektoral la (Campaign Finance Reform): Gouvènè Cuomo pral fè vanse yon ansanm lejislasyon refòm global sou finansman kanpay elektoral pou konbat enfluyans san parèy gwo lajan gen nan politik yo epi ankouraje tout Nouyòkè fè tande vwa yo.

- **Finansman Piblik nan Eleksyon yo:** Pa gen okenn ankourajman nan sistèm finansman kanpay jounen jodi a pou fè kandida yo konsantre yo sou donatè òdinè yo. Gran donatè yo bay gwo don, sa ki minimize vwa moun òdinè yo. Finansman piblik nan kanpay yo se remèd ki ka geri pwoblèm sa a. Lè yo tabli yon pwopòsyon 6:1 pou koresponn a finansman piblik pou ti don yo, kandida yo pral jwenn ankourajman pou fè yo konsantre yo sou ti donatè yo.

- **Redwi Limit Kontribisyon Kanpay yo:** Gouvènè Cuomo ap pwopoze pou yo redwi limit kontribisyon kanpay pou tout kandida yo. Lè yo aplike refòm sa yo, epi yo kreye yon sistèm finansman piblik ki solid, New York pral grandman redwi enfliyans lajan genyen nan politik yo epi retounen nan sans yon gouvènman pèp la patisipe ladan epi ki fèt pou pèp la.
- **Entèdi Kontribisyon Konpayi yo epi Konplètman Elimine Lakin ki gen nan Konpayi a Responsablite Limite yo (Limited Liability Company, LLC):** Depi lè desizyon Citizens United la an 2010, lajan sosyete yo te siplante sistèm eleksyon nou an. Li lè pou Eta New York resi di sètase. Gouvènè Cuomo pral repare pwoblèm sa a yon fwa pou tout lè l entèdi tout sosyete ak LLC yo fè kontribisyon. Li lè pou nou restore pouvwa nan men pèp la, epi retire l nan men moun k ap fè don lajan blanchi, ak donatè ki gen enterè patikilye yo.
- **Ranfòse Lwa Sou Divilgasyon ki Ekspoze Lajan Blanchi nan Politik yo:** An Jen 2016, Gouvènè Cuomo te fè vanse lejislasyon refòm etik yo pou abòde enpak ka Citizens United V. Konsèy Elektoral Federal la (Federal Election Commission, FEC), 558 U.S. 310 (2010) genyen. Gouvènè a te avèti sou ogmantasyon lajan blanchi ki gen nan politik yo, epi li te pwomèt l ap “ranfòse egzijans lwa sou divilgasyon yo epi egzije pou gwoup yo rapòte idantite nenpòt moun k ap egzèse kontwòl sou yo.” An Out 2016, Gouvènè a te siyen vin lwa, Lwa Egzekitif § 172 New York la (New York Executive Law § 172), ki egzije pou yo divilge relasyon ak konpòtman politik ke yo rekonèt ki trè enfliyan yo men ki opere anba anba yo. Kounye a, avèk lesou nou te aprann apre eleksyon 2018 la, Gouvènè a ap pwopoze pou yo ranfòse lwa sa a nan plizyè fason pou asire ke tout Nouyòkè yo gen enfòmasyon enpòtan sou kiyès egzakteman k ap pale avèk yo a. Anplis de sa a, Gouvènè a ap chache rasyonnalize pwosesis pou òganizasyon ki defini kòm 501(c)(3) ak 501(c)(4) yo fè rapò, ki gen ladan lè yo ofri yon mekanis pou òganizasyon yo aplike pou yon egzansyon reglemantè avan kòmansman yon peryòd kote yo dwe fè rapò a.

Egzije pou Fonksyonè Lokal yo Rapòte Deklarasyon Finansyè yo: Pwopozisyon sa a pral egzije pou fonksyonè lokal eli yo soumèt enfòmasyon debaz sou deklarasyon finansyè yo oprè Komisyon Konjwont sou Etik Piblik la (Joint Commission on Public Ethics, JCOPE), menm jan ak lòt omològ yo nan eta a, poutèt pou pèp Eta New York la ka gen enfòmasyon yo bezwen sou moun yo chwazi pou reprezante yo nan tout nivo gouvènman an.

Konstwi yon Baz Done pou Pwojè Devlopman Ekonomik ki Dinamik, ak Fasil pou Moun Itilize: Nan yon efò pou yo ogmante transparans epi modènize enfòmasyon ki disponib sou efò Devlopman Ekonomik Eta a ap fè yo, Gouvènè a ap bay Empire State Development (ESD) lòd pou yo konstwi epi ebèje yon baz done entèwojab sou entènèt ki pral bay piblik la enfòmasyon ki pi resan ak pi apwopriye sou pwojè ki resevwa asistans ESD yo. Lè yo deplwaye nouvo baz done a, li pral ofri piblik la enfòmasyon ki pi resan sou pwojè yo epi l ap melanje done ki soti nan plizyè rapò estatik sou pwogram espesifik, pou l vin yon sitwèb dinamik ki fasil pou moun itilize.

Garanti Dwa Imigran yo

Pwomilge Lwa DREAM Jose Peralta a: Gouvènè Cuomo pral fè pwomilge Lwa DREAM Senatè Jose R. Peralta a pou l resi ouvri pòt ansèyman siperyè pou plizyè milye Nouyòkè. Lwa DREAM Senatè Jose R. Peralta a pral bay etidyan san papyè New York la yo, ki merite jwenn menm avantaj yo bay kòlèg sitwayen yo, jwenn aksè a Pwogram Asistans pou Peye Frè Eskolè yo (Tuition Assistance Program), ansanm ak bous detid eta administre yo.

Siyen Dekrè Egzekitif ki Entèdi Ajans Eta a yo Kesyone Moun sou Estati Imigrasyon yo: An 2017, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 170 la ki entèdi ajans ak ofisyè Eta a yo kesyone sou oswa divilge estati imigrasyon yon moun sof si lalwa egzije sa a oswa li nesèsè pou yo detèmine elijibilite moun sa pou yo ka resevwa sèvis oswa asistans. Pou l plis devlope modifikasyon yo ajoute sou Dekrè Egzekitif la yo, Gouvènè Cuomo ap pwopoze yo kodifye pwoteksyon Dekrè Egzekitif 170 yo modifye a vin lwa.

Pwoteje Dwa Lesbyèn, Omoseksyèl, Biseksyèl, ak Transeksyèl yo (lesbian, gay, bisexual, and transgender, LGBTQ)

Pwomilge Lwa sou Non-Diskriminasyon Akoz Idantite ak Ekspresyon Seksyèl la (Gender Identity and Expression Non-Discrimination Act, GENDA): Gouvènè Cuomo ap sipòte pwomilgasyon Lwa sou Non-Diskriminasyon Akoz Idantite ak Ekspresyon Seksyèl la, sa k ap ranfòse pwoteksyon kont diskriminasyon, asèlman, ak krim lahèn yo kont moun sou baz idantite seksyèl yo.

Entèdi Terapi Konvèsyon: Gouvènè Cuomo ap sipòte lejislasyon pou yo agrandi definisyon movèz kondwit pwofesyonèl pou pwofesyon ki lisansye nan kad dwa eskolè yo pou l gen ladan patisipasyon nan, fè piblisite pou, oswa pèmèt yon moun ki sou direksyon oswa ki sou sipèvizyon yo, angaje nan terapi konvèsyon avèk yon pasyan ki gen mwens ke 18 tan.

Entèdi Defans “Panik Omoskesyèl” la: Gouvènè Cuomo pral ankouraje yon lòt fwa ankò pou elimine lakin ki gen nan Eta New York la yo lè l pwomilge lejislasyon pou entèdi defans panik kont omoseksyèl ak transeksyèl yo.

Rann Matènite Sibstitisyon Legal nan Eta New York: Lwa a Eta New York la prezantman entèdi pratik matènite sibstitisyon jestasyonèl, epi sa kreye yon ensètitud destabilizatè konsènan kiyès ki paran legal timoun lan nan lè moun ansent atravè itilizasyon lòt teknoloji repwodiktif tankou enseminasyon atifisyèl oswa don ovil yo. Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon pou sòlve entèdiksyon sou kontra matènite sibstitisyon yo pou pèmèt akò pòtè jestasyonèl yo.

Bay Veteran Nou Yo Sèvis

Sipò pou Sòlda Tanseksyèl yo: New York pral kanpe ak tout ansyen konbatan yo kèlkeswa oryantasyon seksyèl yo oswa idantite seksyèl yo. Ane sa a, tout anplwaye

Divizyon Zafè Ansyen Konbatan (Division of Veterans' Affairs, DVA) Eta New York la, pral resevwa fòmasyon sou konpetans kiltirèl anviwònman LGBTQ yo pou ede yo konprann fason pou yo pi byen sèvi ansyen konbatan LGBTQ yo. DVA pral travay tou ak òganizasyon ki konsantre sou LGBTQ yo pou yo asire ke chak grenn ansyen konbatan LGBTQ resevwa asistans pèsonalize nan yon anviwònman sekirite ki favorab, ki gen ladan lè yo ede ansyen konbatan LGBTQ yo modènize sèvis pou ansyen konbatan retounen nan lavi sivil yo, pou ansyen konbatan brav sa yo ka jwenn aksè a swen sante, edikasyon, konpansasyon finansyèl, ak lòt avantaj yo merite yo.

JISTIS POU TOUT NOUYÒKÈ

Pwoteje Bon Jan Kalite Swen Sante nan yon Pri Abòdab:

Kodifye Pwoteksyon pou Swen Sante yo ak Garanti Kouvèti Asirans pou Nouyòk yo: Fas a atak gouvènman federal ap fè sou Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act, ACA), Gouvènè Cuomo kwè li esansyèl pou New York kodifye dispozisyon ACA a yo, ki gen ladan mache asirans sante eta a, ansanm ak amelyorasyon pwoteksyon reglemantè Eta a yo pou yon vin tounen lwa Eta a. Sa ap enpòtan anpil pou estabilize mache asirans sante a epi pwoteje New York kont tout lòt atak gouvènman federal ap fè sou sistèm swen sante a.

Pran Mezi pou Atenn Aksè Inivèsèl a Swen Sante: Gouvènè Cuomo ap tabli yon Komisyon sou aksè inivèsèl a swen sante ke Depatman Sante a (Department of Health, DOH) ak Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services) pral sipòte, epi l ap gen ladan espesyalis nan zafè politik an matyè sante, ak asirans pou yo devlope opsyon ki pou pèmèt moun jwenn aksè inivèsèl a bon jan kalite swen sante ki abòdab nan New York. Pwosesis revizyon sa a pral konsidere tout opsyon pou agrandi aksè a swen yo, ki gen ladan ranfòse mache asirans komèsyal New York la, agrandi pwogram yo pou yo enkli popilasyon ki aktyèlman inelijib yo oswa ki pa gen mwayen pou yo peye pou garanti asirans yo, ansanm ak modèl ranbousman inovatè pou yo amelyore efikasite epi jenere ekonomi pou sipòte garanti asirans yo agrandi yo.

Lite pou Mete Fen nan Epidemi Opyoyid la

Pwoteje Nouyòk yo kont Pratik Predatè yo: Gouvènè Cuomo pral fè vanse lejislasyon pou l 1) egzijè pou etablisman ki nan lòt eta yo gen lisans nan eta lakay yo epi yo dwe resevwa akreditasyon nasyonal nan men yon òganizasyon ki rekoni onivo nasyonal epi 2) anpeche founisè swen predatè ki nan lòt eta yo sibile moun ki nan pwosè lajistis yo lè yo travay ak tribinal yo pou yo imedyatman konekte moun yo ak pwogram tretman ki anndan eta a yo ak lè yo fè vanse lejislasyon pou pwoteje tretman yon tribinal ki nan eta a òdone. Li pral bay Biwo Sèvis Alkolis ak Toksikomani an (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS) lòd tou pou yo aplike règleman ki egzijè pou maketè ki nan lòt eta yo konfòm a egzijans OASAS yo lè y ap fè piblisite nan Eta New York. Avèk mezi sa yo, New York pral reyalize pratik ki pi solid nan peyi a pou yo pwoteje rezidan yo, sa k ap fòse pwogram tretman predatè yo chache lòt kote pou yo ranpli kwota etablisman yo genyen yo.

Agrandi Aksè a Biprenòfin: Biprenòfin se yon avansman enpòtan nan Tretman Alèd Medikaman yo (Medication Assisted Treatment, MAT), ki, menm jan ak metadòn ak naltreksòn enjektab la, yo itilize l melanje ansanm ak konsèy sikolojik kòm yon mwayen apwopriye pou ede moun atenn epi mentni rekiperasyon yo soti nan Twoub Izaj Opyoyid (Opioid Use Disorder). Pou agrandi itilizasyon biprenòfin lan, Gouvènè Cuomo pral bay Depatman Sante a lòd pou yo egzije tout lopital nan eta a yo devlope pwotokòl pou Depatman Ijans yo abòde pwoblèm Twoub Izaj Opyoyid la sou baz nòm swen pou tretman oswa referans pou tretman ki an vigè yo.

Agrandi Aksè a Tretman Alèd Medikaman yo nan Milye Jistis Kriminèl yo: Pou agrandi aksè a tretman nan prizon yo ak nan penitansye yo, Gouvènè Cuomo te bay OASAS lòd tou pou yo distribiye plis pase 4 milyon dola pou sipòte sèvis tretman pou toksikomani nan plis pase 50 prizon. Anplis de sa a, Gouvènè Cuomo pral agrandi aksè a Tretman Alèd Medikaman atravè 1.2 milyon dola l ap bay pou sipòte jiska twa nouvo pwogram MAT y ap tabli nan prizon Eta a yo.

Ogmante Aksè a Naloksòn: Gouvènè Cuomo pral bay DOH lòd pou yo fè vanse lejislasyon k ap agrandi Lwa Bon Samariten yo (Good Samaritan laws) pou yo aplike yo pou moun k ap travay nan restoran, bar yo, ak nan lòt etablisman magazen vant an detay. Anplis de sa a, Gouvènè Cuomo pral ogmante aksè a naloksòn nan SUNY ak CUNY lè yo garanti ke yo ofri naloksòn nan chak twous sekou dètwa yo, oswa mete l disponib pou siveyan dètwa ki an sèvis chak swa a nan chak dètwa SUNY ak CUNY.

Lanse yon Plan Direktè Global pou Prevansyon Toksikomani pou Lekòl yo: Sou direksyon Gouvènè Cuomo, Eta New York pral lanse yon kolaborasyon k ap fèt onivo tout eta a pou yo resyonalize tout resous prevansyon yo epi devlope meyè pratik, nòm ak endikatè pou prevansyon toksikomani yo nan yon “Plan Direktè pou Prevansyon” sible ki pral ede lekòl yo swiv yon apwòch anvè prevansyon ki global, ki baze sou evidans epi ki fonde sou done. OASAS dwe travay an kolaborasyon ak Depatman Edikasyon Eta a (State Education Department), Depatman Sante a ak Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health) pou yo devlope Plan Direktè pou Prevansyon pou yo itilize pandan ane lekòl 2020-21 an.

Kreye Kominote ki an Bòn Sante

Pwoteje Nouyòkè yo Kont Ekspozisyon a Pwodwi Chimik Toksik yo san yo pa Konnen: Gouvènè Cuomo pral entwodwi nouvo lejislasyon k ap otorize Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), Depatman Sante a ak Depatman Eta a (Department of State, DOS) pou yo devlope règleman k ap tabli obligasyon etiketaj sou anbalaj pwodwi yo deziyen yo, sa k ap endike prezans pwodwi chimik ki potansyèlman danjre yo, drese yon lis ki gen plis pase 1,000 kasinojèn ak lòt pwodwi chimik ki pral deklanche etiketaj yo, epi idantifye tip pwodwi konsomasyon ki pral soumèt anba nouvo rejim lan. Li pral plis responsabilize DEC ak DOH pou yo egzije fabrikan yo pou yo divilge kontni chimik ki gen nan pwodwi konsomasyon yo vann oswa distribiye nan Eta New York la yo epi eksplòre mezi adisyonèl ki posib yo ka pran pou pwoteje konsomatè yo.

Kontwole Menas Tabak gen pou Sante a yo: Gouvènè Cuomo ap pwopoze lejislasyon global pou konbat ogmantasyon itilizasyon pwodwi tabak yo. Lejislasyon sa a gen ladan:

- **Ogmante laj minimòm pou vann pwodwi tabak ak sigarèt elektronik soti nan 18 lane pou ale nan 21 lane:** Laplipa adolesan minè resevwa tabak ak pwodwi vaporize nan men zanmi, ki gen plis pase 18 lane epi ki ka legalman achte pwodwi. Lè nou ogmante laj minimòm lan, sa pral retire sous tabak nan kolèj yo.
- **Mete fen a vant pwodwi tabak ak sigarèt elektronik nan famasi:** Antite ki travay nan zafè swen sante yo pa dwe nan biznis vant tabako, ki se koz prensipal lanmò evitab nan Eta New York. Lè nou mete fen a vant pwodwi tabak ak sigarèt elektwonik yo nan famasi yo, sa pral redwi disponiblite, viziblite, ak akseptans sosyal itilizasyon tabak, espesyalman pou adolesan yo.
- **Klarifye otorite Depatman Sante a genyen pou yo entèdi vant kèk likid awomatize yo itilize nan sigarèt elektwonik yo:** Sigarèt awomatize enflamab, eksepte mantole, te resevwa entèdiksyon nan men FDA an 2009 pou redwi fimèn kay jenn moun paske yo te souvan itilize yo kòm pwodwi inisyasyon. Majorite itilizatè sigarèt elektronik di premye sigarèt elektronik yo te awomatize. Awòm tankou tat sikre, karamèl, ak chiklèt yo rann sigarèt elektwonik yo pi atiran pou jèn yo. L ap entwodwi lejislasyon pou bay Depatman Sante a otorite pou l entèdi vant kèk likid awomatize ki sible itilizasyon sigarèt elektwonik pami jèn yo.
- **Restriksyon sou rabè fabrikan ak detayan tabak ak sigarèt elektronik ofri:** New York gen pi gwo to enpo sou sigarèt nan nasyon an, men fabrikan ak detayan devlope taktik pou redwi pri, tankou rabè, “achte youn, resevwa youn gratis”. Taktik sa yo dirèkteman sible konsomatè ki sansib a pri, sa enkli jenn moun. Restriksyon sou rabè sou pwodwi tabak ak pwodwi vaporize pral ranfòse enpak enpo New York sou tabak ak dekouraje itilizasyon tabak.
- **Entwodwi yon taks sou sigarèt elektwonik yo:** N ap ka redwi oswa anpeche itilizasyon tabak lè nou monte pri pwodwi tabak yo. Jèn yo patikilyèman sansib anvè ogmantasyon pri pwodwi tabak yo. Eta New York la gen youn nan taks ki pi elve sou sigarèt konbistib yo ak youn nan to tabajis ki pi ba nan peyi a. Yo prevwa aplike menm motif la pou enpozisyon ak itilizasyon sigarèt elektwonik ak likid elektwonik yo pami jèn yo.
- **Egzije pou se sèlman atravè detayan ki gen lisans yo ki pou vann sigarèt elektwonik:** Aktyèlman vant sigarèt elektronik prèske antyèman san regleman Restriksyon vant li pou detayan ki gen lisans pral pèmèt enfrastrikti aplikasyon aktyèl asire minè pa achte pwodwi tabak.

Anvesti nan Sipò Kominotè pou Nouyòkè Granmoun Aje yo: Gouvènè Cuomo pwopoze investi 15 milyon dola nan sipò kominotè pou Nouyòkè granmoun aje yo. Envestisman sible yo byen bezwen k ap fèt nan pwogram ak sèvis Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la yo (New York State Office for the Aging, NYSOFA) pral ede sèvi plis granmoun aje epi yo pral ede yo mentni otonomi yo, sipòte fanmi ak zanmi k ap

pran swen yo, epi repòte depans Medicaid yo alavni. Nan travay ansanm ak Depatman Sante a, NYSOFA pral devlope endikatè espesifik pou evalye siksè investisman sa a.

Kreye Fon Tranzisyon Fanmi an Premye a: Eta a pral rantabilize investisman finansman yo resevwa nan men fondasyon prive yo pou yo kreye fon Tranzisyon Fanmi an Premye a (Family First Transition fund) ki pral ofri depatman sèvis sosyal lokal yo resous epi ankouraje ajans swen yo jwenn resous yo bezwen pou yo prepare yo pou aplikasyon lejislasyon federal Fanmi an Premye a. Investisman an pral pèmèt Eta New York la prepare yo pou aplikasyon lejislasyon Fanmi an Premye a korèkteman, epi li pral mete New York nan pozisyon pou yo kontinye mete bezwen timoun ak fanmi ki pi vilnerab yo kòm priyorite epi asire ke depatman sèvis sosyal lokal yo konplètman ekipe pou yo ka satisfè bezwen sa yo pandan y ap kontinye rete konfòm a referans federal enpòtan yo.

Kontinye Lidèchip Anviwònmanal New York la

Lansman Nouvo Akò Ekolojik la: Fas a atak Administrasyon Trump lan ap fè sou anviwònman an epi pou yo ka kontinye pwogrè New York deja fè nan lit kont chanjman klimatik la, Gouvènè Cuomo ap anonse Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) New York la, ki se yon ajanda lidè nan peyi a an matyè enèji ak djòb ekolojik, ki pral mete eta a sou wout anvè netralite kabòn atravè tout sektè ekonomi New York la yo. Sou direksyon Gouvènè a, New York pral pan mezi anbisye pou nou atenn objektif sa a avèk aksyon akoutèm ak estrateji alontèm espesifik pou yo estimile inovasyon san parèy epi transfòme enfrastrikti elektrik, transpò, ak bilding eta a yo pandan y ap priyore bezwen Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere yo. Inisyativ monimantal sa a pral plis estimile kwasans ekonomi enèji pwòp New York la, kreye anpil dizèn milye bon jan kalite djòb 21yèm syèk, ofri tout Nouyòkè yo lè ak dlo pwòp lè yo redwi degajman danjre yo, epi trase egzanp lidèchip sou klima pou rès nasyon an ak pou rès mond lan swiv.

Tabli Fon pou Avni Ekolojik 10 Milya Dola a: Ane sa, Gouvènè Cuomo pral fè vanse yon Fon pou Avni Ekolojik (Green Future Fund) 10 milya dola pou sipòte enfrastrikti dlo pwòp, enèji renouvlab ak mwayen transpò ekolojik, ak espas lib ak rezistans. Fon sa a gen ladan 5 milya dola ototal pou enfrastrikti dlo potab ak enfrastrikti dlo ize yo —sa k ap ajoute sou 2.5 milya dola Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp la (Clean Water Infrastructure Act) epi efektivman double investisman eta a ap fè nan enfrastrikti dlo pwòp yo pandan senk ane k ap vini yo.

Kontinye Investisman Istorik 300 Milyon Dola Fon pou Pwoteksyon Anviwonmantal la (Environmental Protection Fund, EPF): Gouvènè Cuomo pwopoze yo mentni 300 milyon dola istorik EPF Eta a. Investisman sa a pral priyore pwogram pou pwoteje etandi dlo New York la yo, pwomouvwa pwojè jerans y ap fè nan pak ak lòt tèren eta a yo, revitalize rivaj minisipal yo epi konstwi rezistans kominote a fas a chanjman klimatik yo —pandan l ap kreye djòb epi estimile ekonomi lokal yo an menm tan.

Agrandi Pwojè Lwa sou Boutèy la pou I gen ladan Pifò Bwason Non-Alkolize

yo: Pou nou ka redwi fatra nan espas piblik yo epi ofri soulajman pou antite resiklaj minisipal sichaje k ap lite pandan pwosesis chanjman k ap fèt nan mache resiklaj global la, Gouvènè Cuomo pral agrandi Pwojè Lwa sou Boutèy la (Bottle Bill) pou fè pifò resipyan ki gen bwason non-alkolize yo elijib pou ranbousman 5 santim, ki gen ladan resipyan yo itilize pou bwason espòtiv yo, bwason enèjetik yo ak ji fwi ak vejetal yo ak te ak kafe ki tou prepare yo.

Entèdi Itilizasyon Sachè Plastik yo: Pou abòde enpak anviwònmantral sachè plastik a izaj inik yo genyen yo, Gouvènè Cuomo pwopoze entèdiksyon sachè plastik atravè tout eta a nèt avèk sèten eksepsyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)